



Pou Piblikasyon Imedya: 27/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 16.8 MILYON DOLA POU EDE PWOTEJE KALITE DLO TOUPATOU NAN ETA NEW YORK

Yo te bay 27 Distri Konsèvasyon Dlo ak Tèren Agrikòl Konte yo finansman pou 54 Pwojè pou Konsèvasyon Kalite Dlo nan Agrikilti

L ap Sipòte Pwojè y ap fè nan Fèm Toutapou Atravè Eta a yo, Finanse Inisyativ Dlo Pwòp yo te Dekri nan Bidjè Egzekitif 2018-2019 la yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo te akòde 16.8 milyon dola pou sipòte 54 pwojè pou konsèvasyon kalite dlo nan agrikilti toupatou atravè eta a. Finansman an, ki pral benefisye 131 fèm, ap sèvi pou ede kiltivatè yo ak pwojè k ap anpeche polisyon vwa navigab New York la yo.

“Agrikilti se youn nan pi gran motè ekonomik New York genyen, epi nou pral kontinye ede kiltivatè toupatou atravè eta a yo pandan y ap travay pou yo livre bon jan kalite pwodwi epi an menmtan konsève resous natirèl presye nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan lit kont efè chanjman klimatik yo ap kontinye, New York pran angajman pou l trase chemen an pou nasyon an nan meyè pratik agrikòl k ap sipòte kiltivatè k ap travay di yo epi pwoteje anviwònman an.”

“Li enpòtan anpil pou nou asire ke vwa navigab nou yo pa gen kontaminan epi yo rete sekirite pou tout Nouyòkè yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Envestisman sa a k ap fè nan pwojè nan fèm toupatou atravè eta a yo pral sipòte efò konsèvasyon pou amelyore ak pwoteje kalite dlo yo. Nou vle asire ke kiltivatè yo gen resous yo bezwen pou yo anpeche polisyon epi asire sante ak sekirite rezidan yo.”

Plis pase de douzèn Distri Konsèvasyon Dlo ak Tèren Agrikòl Konte yo (County Soil and Water Conservation Districts) te aplike onon kiltivatè yo pou atribisyon sibvansyon atravè Pwogram pou Kontwole ak Redwi Sous Polisyon Agrikòl Difize Eta a (Agricultural Nonpoint Source Abatement and Control Program). Yo itilize pwogram lan pou akòde pwojè k ap ede nan kad planifikasyon anviwònmantal yo oswa k ap reyalize sistèm meyè pratik jesyon yo, tankou jesyon sibstans nitritif yo atravè estokaj fimye, tanpon vejetativ arebò kouran dlo yo, konsèvasyon kilti kouvèti yo ak lòt mezi konsèvasyon tèren agrikòl yo.

Yo te akòde 24yèm faz sibvansyon Pwogram pou Kontwole ak Redwi Sous Polisyon Agrikòl Difize a bay:

- North Country: 4,057,532 dola pou 11 pwojè
- New York Santral: 3,406,650 dola pou 11 pwojè
- Finger Lakes: 3,013,527 dola pou 13 pwojè
- Rejyon Lwès New York: 2,738,209 dola pou sis pwojè
- Mohawk Valley: 1,421,801 dola pou sèt pwojè
- Rejyon Kapital: 893,800 dola pou de pwojè
- Long Island: 663,786 dola pou de pwojè
- Southern Tier: 634,175 dola pou de pwojè

Pou w jwenn yon lis konplè pwojè yo akòde sibvansyon yo tanpri vizite https://www.agriculture.ny.gov/Press_Releases/agnps_r24_project_2018.pdf.

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, “Nou remèsye Gouvènè a paske li kontinye sipòte kiltivatè nou yo ak pou lidèchip li paske li rekonèt ke resous natirèl Eta New York la yo pami pi gran atou nou genyen. Mwen felisite Distri Konsèvasyon Dlo ak Tèren Agrikòl Konte yo ak patnè nou yo ki nan kominote fèm yo pou prim sibvansyon sa yo resevwa, k ap rekonpanse yo pou planifikasyon reflechi ak travay di y ap fè pou asire sante vwa navigab, biznis agrikòl ak kominote New York la yo”.

Komisè DEC Basil Seggos te di, “Dlo pwòp se yon bagay ki esansyèl pou sante ak sekirite kominote nou yo, ansanm ak pou pwosperite ekonomik New York. Avèk lidèchip Gouvènè Cuomo, ak sipò solid Distri Konsèvasyon Dlo ak Tèren Agrikòl Konte a, sibvansyon sa yo pral ede kominote agrikòl New York la pwoteje resous dlo nou yo epi soutni eksplwatasyon agrikòl yo toupatou atravè eta a”.

Prezidan Komite Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo (Soil and Water Conservation Committee) Eta New York la, Dale Stein, te deklare, “Pwogram sibvansyon sous polisyon agrikòl difize a se meye egzantp ki montre kijan Eta New York, atravè lidèchip Gouvènè Cuomo, ap ede fèm yo amelyore anviwònman an nan fèm yo. Avèk plis pase 16 milyon dola y ap atribiye nan faz sa a, plis pase 130 fèm pral resevwa sibvansyon pataj frè yo pou ede fèm sa yo reyalize meye pratik jesyon yo. Pratik sa yo chè, epi san èd pataj frè sa a, pa t ap gen twòp fèm ki t ap kapab reyalize yo pou yo pwoteje dlo yo, tèren yo, ak lè nou an pou anpil jenerasyon k ap vini ankò”.

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau), te deklare, “Kiltivatè New York yo ap trase chemen an nan zafè dirabilite anviwòmantal yo epi yo pran angajman pou yo pwoteje resous natirèl ke fèm yo ak fanmi yo depann de yo chak jou. Nouvo finansman pou pwojè Gouvènè a te anonse jodi a pral ede akonpli misyon sa a. Ap gen plis kiltivatè k ap kapab reyalize meye pratik jesyon yo nan fèm yo pou ede pwoteje vwa navigab yo ak amelyore sante tèren agrikòl yo”.

Senatè Patty Ritchie, Prezidan Komite Agrikilti Sena a (Senate Agriculture Committee), te di, “Kiltivatè k ap travay di New York la yo pa vle anyen plis pase pou yo sèvi kòm bon jan pwotektè tèren yo ak anviwònman an. Envestisman sa yo pral

pèmèt yo ranfòse efò sa yo, pandan y ap ogmante kalite pwodwi alimantè frè nan fèm yo ke y ap mete sou tab toupatou atravè eta a. Mwen paka tann pou m wè sipò sa a amelyore agrikilti nan Eta New York pandan anpil ane k ap vini ankò”.

Senatè Thomas O’Mara, Direktè Sena Komite pou Konsèvasyon Anviwònmantal (Senate Environmental Conservation Committee), te di, “Investisman avantajè sa yo pral ede kiltivatè nou yo rete konpetitif epi, an menm tan, y ap pwoteje resous natirèl nou yo alontèm lè yo redwi debòdman ak ewozyon ki kontribiye a pwoliferasyon Florezon Alg Nwizib yo (Harmful Algae Blooms). N ap investi nan yon tèt ansanm ki la depi lontan epi ki reyisi ant fèm yo lokal yo ak distrik konsèvasyon lokal yo pou kapab akonpli objektif vital pou ekonomi an pwoteksyon kalite anviwònman an”.

Manm Asanble Bill Magee, Prezidan Asanble Komite Agrikòl la, te deklare, “Finansman enpòtan sa a ap benefik alafwa pou fèm nou yo ak pou kominote toupatou atravè eta a yo. Li ap ede asire pwoteksyon kalite dlo yo epi mentni yon anviwònman ki pi pwòp ak pi sekirite pandan l ap soutni kapasite fèm yo pou yo pwodwi manje lokal frè”.

Manm Asanble Steve Englebright, ki se Prezidan Komite a pou Pwoteksyon Anviwònmantal (Committee on Environmental Conservation), te deklare, “Li enpòtan anpil pou nou konsidere kalite dlo yo lè n ap detèminie meyè pratik jesyon nan fèm yo, epi sibvansyon sa yo pral ede asire ke kiltivatè yo pral kapab senpleman fè sa a. Lè nou pwoteje tèren yo nan fason sa a, nou ka sèten ke resous natirèl nou yo rete pwoteje pou anpil jenerasyon k ap vini ankò. Mwen aplodi Gouvènè a pou angajman l pran anvè finansman enpòtan sa a”.

Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) New York la jere Pwogram pou Kontwòl ak Redwi Sous Polisyon Agrikòl Difizè a atravè Divizyon Tèren ak Dlo a (Land and Water Division), k ap travay pou yo pwoteje resous tèren ak dlo New York la yo atravè pwoteksyon tèren agrikòl yo, konsèvasyon tèren agrikòl yo, ak jesyon anviwònmantal pwoaktif. Depatman an nan kowòdinasyon avèk Komite Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo Eta New York la ap jere pwogram lan.

Yo ap finanse Pwogram pou Kontwòl ak Redwi Sous Polisyon Agrikòl Difizè a nan kad Bidjè Eta pou Ane 2017-18 la atravè finansman istorik 300 milyon dola Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF) Eta New York la. Depi 1993, Eta New York te dedye apeprè 193 milyon dola pou pwogram lan. Pwogram lan sèvi kòm yon eleman nan kad Jesyon Anviwònmantal Agrikòl la (Agricultural Environmental Management, AEM), ki se yon efò ki pi global k ap ede kiltivatè yo reyalize pi bon kalite pwoteksyon anviwònmantal ak sistèm agrikòl ki pi efikas, ki pi rantab.

Distri Konsèvasyon Dlo ak Tèren Agrikòl Konte yo itilize kad AEM lan pou ede kiltivatè ki enterese yo atravè plizyè etap planifikasyon ak egzekisyon pou yo pran desizyon ki akse sou lasyans epi ki rantab. Konsa a, kiltivatè yo ap kapab reyalize objektif komèsyal yo pandan y ap konsève resous natirèl Eta a yo.

Pwogram pou Kontwòl ak Redwi Sous Polisyon Agrikòl Difizè a ap ajoute tou sou efò Gouvènè a ap fè pou l pwoteje kalite dlo toupatou atravè eta a yo atravè 2.5 milya dola Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp 2017 la (Clean Water Infrastructure Act), ki te gen ladan

jiska 50 milyon dola pou reyalize pwojè pou pwoteksyon dlo nan fèm elvaj betay nan Eta New York la yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)